# Темæ: Хостыхъоты Зинæйы лирикæйыл афæлгæст



*1937-1995*

Рæсугъд зæрдæ нæ амæлы,зæгъынц,
Уый фесты ном,дунейы фарнып бафты.
Йæ тых,йæ ныфс сæдæ азты тæхынц
Æмæ цæрынц сæдæ фæлтæры царды.

Х[illegible]ыхъоты Зинæ



# Урочы нысан:

- Бацамонын ахуырдзаутæн, цы у æцæг поэзи.
- Ахуыр сæ кæнын иртасын мæнг поэзи æцæг поэзийæ иртасын. Базонгæ сæ кæнын *иро*н поэзийы рæзтимæ.
- Хостыхьоты Зинæйы цард æмæ сфæлдыстадимæ.
- Бамбарын кæнын сывæллæттæн, Зинæйы поэтикон дуне кæй у цымыдисаг, йæ поэзи кæй ссардта аккаг бынат нæ ирон дзырдаивады хæзнадоны, цымыдисаг æмæ риссаг кæй сты поэтæн йæ цард æмæ йе
- 'нафоны мæлæт дæр.




**Ногбоны сæнттæ**

Ацы ногазон изæрмæ
æз цæрæнбонты куывтон,
Ацы амонды къæсæрмæ
Дардæй мигъвæлмы
цыдтæн.
Зæххыл амонд у æлутон,
Фаг дзы никæй ма фæци,
Ацы ног æхсæв мæ удæн
Йемæ 'рхаста амонд,
цин.
æмæ зæрдæ куры зарын,
Фестад уадындзы зæл
цард!
Уарзты сусæг ронг мын
дары

## Плиты Грисы «Æмдзæвгæ» Газвæд»-æй:

« Кæм дæ, кæм дæ,дзырддæсныйад,фæзын
Мæ хъæрмæ тагъд, нæртон ххуыс дæ курын.
кæнын æст мæ рухс фæндтæн сæ зын,-
Хъæуы мæ ныр мæ сыгъдæг сæнттæ дзурын.
Æмæ мын радт тыхджын дзырдтæ: кæрдаг,
Фæринк кардау,уæзæй -æфсæйнаг хохау,
Зæгъынæн-рог,хъуыдыйæн-раст,æрдаг,
Сæ сыгъд-зынгау,рæхойынмæ-джебогъау.
кæм дæ,кæм дæ,дзырддæсныйад,фæзын..»

# Бестауты Георгийы хъуыдытæ:

- Хостыхъоты Зинæйы нымайæн ис нæлгоймæгты æмрæнхъ йæ ирд поэтикон уацмыстæй.Йæ фæзынд поэзийы уайтагъд фæбæрæг. Поэтессæйы фыццаг поэтикон æмбырдгонд "Райсомы æртæх«-æн стыр аргъ скодтой поэттæ æмæ литературон критиктæ : Бестауты Георги,Дзуццаты Хадзы-Мурат,Джусойты Нафи,Гаглойты Федыр, Джыккайты Шамил.Ирон поэзи Зинæ срухс кодта йæ рæсугъд чызджы зæрдæйæ. Уый йæм бахаста сылгоймаджы цин æмæ зын, срæсугъд æй кодта æнæвнæлд

# Зинæйы тематикæ

Зинæйы поэзи хъæздыг у алыхуызон тематикæйæ. Йæ лирикон æмдзæвгæты дзуры æнусон уарзондзинадыл, нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы вазыгджын ахастытыл.Фæлæ йæ царды сæйраг хæсыл нымайы уарзын: Йæ райгуырæн бæстæ, йæ фыды уæзæг, йæ ныййарæг мады,йæ ирон æвзаг, кæцытимæ баст у йæ мæлæты онг.

# Æмдзæвгæ бакæсын æмæ равзарын

- «Æз мæ зæрдæйы рæхыстæй
  Иры урссæр хæхтæм баст дæн.
  Æз мæ гуырдз, мæ ныхыфыстæй
  Ардæм царды бонтæм хаст дæн.
- Æз мæ уарзоны цæстытæй
  Баст мыггагмæ дæр мæ Ирмæ,
  Ме стыр цин æмæ мæ рыстæй
  Баст дæн ацы зæххы риумæ.
- Баст дæн райгуырæн уæзæгмæ
  Æз дзыццайы урс дзыккутæй,
  Баст - нæ къонайы фæздæгæй,
  Баст - сæныкхизæн цъæх къултæй...




Нӕ амонд

Нӕ амонд адзӕгъӕл зӕвцы фыдӕй, зӕфцы
Нӕхӕдӕг ауагътам нӕ судзга артыл дон,
Фӕлӕ дӕ ацыдимӕ, ӕнхӕлыс, цард фӕци?
ӕнхъӕлыс, авд дуары дыл ахгӕдтон бынтон?
Ныннӕрдзӕн иу хур бон дӕ сӕрмӕ арв ӕваст,
Ды дисы бафтдзынӕ, - цы хабар у, цы у?!
О, уый ызгъордзӕни ӕнӕсаргъ бӕхыл уарзт
ӕмӕ дӕ баййафдзӕн, кӕдӕмфӕндыдӕр цу.
Мӕ уарзт нӕ бауадздзынӕн рӕстӕгӕн хӕрын,
ӕнусты арф хъуырӕй дӕр ратондзынӕн дӕу.
ӕз не ’хсӕн сыскъуындзынӕн сау фыдӕхы рын
ӕнхъӕлыс, а чызджы бон уыйбӕрцытӕ нӕу?!




ХОСТЫХЪОТЫ ЗИНÆ
РВНÆРЫНЫ
РАЗМÆ




Мадæлон æвзаг
Уадз, равзæрæд сæдæ ʼвзаджы мæ комы,
Хуыцау мын раттæд минмырон хъæлæс,
Цæмæй дæттон нуазæны куывды,
Цæмæй ныззарон булæмаргъау æз.
Цæмай нæ хæхтæм хорз уазæг куы ʼрцæуа,-
æфсымæр ын йæхи ʼвзагыл зæгъон.
Цæмæй фыдгæнæг мах бæстæм куы цæуа,-
Йæ ныхмæ кард йæхи ʼвзагыл цæгъдон…
Фæлæ уæддæр, уæззау тохтæм цæугæйæ,
Нæ фыдæлтæ цы ʼвзагыл хордтой ард,
Цы ʼвзагыл хъусын Терчы ирд уылæнтæм,
Кæй фæрцы ис нæ хорз æгъдæуттæн цард,
Цы ʼвзагыл кодта хъарджытæ ныййарæг,
Йæ дарæгæй йæм сау гæххæт куы ʼрцыд,
Цы ʼвзагыл дзурæм: «Фесгуыхт та ирон лæг!»-
Зæгъут - ма, уый куыд бамыр уыдзæн, куыд?!




Я тебя приглашаю в свое село,
Я мечтаю о нашей с тобой дороге,
Встретит старая мама тебя тепло,
Вместе с ней и ты посиди на пороге.

Спрячет руки под фартук, чтобы не смог
Ты увидеть, сколько на них мозолей,
Но не станет прятать своих тревог –
И своих обид не станет тем более.

Скажет: «Нынче не хватит корму скоту…
С коровенкой несчастной сплошное
лихо…
Где уж быть молоку, коль солома во
рту…»
А потом о войне тебя спросит тихо.

Ты утешь мою маму, скажи, что войне
Не позволим войти ни в какие двери,
Пусть за двух сыновей не боится вдвойне,
Ты – мужчина, тебе она больше поверит.

Я тебя приглашаю в свое село,
Хоть ты сел на веку повидал немало,
Но в моем по-особому как-то тепло,
Там живет моя добрая, старая мама.


ЗИНАИДА ХОСТИКОЕВА
МОИ АФГАНСКИЕ ВСТРЕЧИ

- «Æз мæ зæрдæйы рæхыстæй
Иры урссæр хæхтæм баст дæн.
Æз мæ гуырдз, мæ ныхыфыстæй
Ардæм царды бонтæм хаст дæн.
- Æз мæ уарзоны цæстытæй
Баст мыггагмæ дæр мæ Ирмæ,
Ме стыр цин æмæ мæ рыстæй
Баст дæн ацы зæххы риумæ.
- Баст дæн райгуырæн уæзæгмæ
Æз дзыццайы урс дзыккутæй,
Баст - нæ къонайы фæздæгæй,
Баст - сæныкхизæн цъæх къултæй...

# Хостыхъоты Зинæйы мемориалон фæйнæг



# Хæдзармæ куыст:

- *1.*Хостыхъоты Зинæйы цард æмæ сфæлдыстад.
- *2.*Иу æмдзæвгæ наизусть сахуыр кæнын.